



Vin patisipe nan yon sesyon enfòmasyon vityèl sou admisyon

Chè fanmi,

Peryòd aplikasyon pou lekòl presegondè a ap kòmanse **mèkredi 11 oktòb 2023**; Nou envite tout fanmi elèv klas 5yèm ane Vil Nouyòk pou vin patisipe avèk nou nan yon sesyon enfòmasyon vityèl sou fason pou aplike pou lekòl presegondè. Aprè prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen. Chak aktivite ap fèt vityèl, donk ou ka patisipe nenpòt kote ou ye!

Nan chak aktivite sou entènèt sa yo, n ap pale sou:

- Kòman pou jwenn aksè nan kont [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov) ou. MySchools se anyè ak sistèm aplikasyon lekòl sou entènèt pou lekòl leta NYC.
- Kòman pou konnen opsyon ki genyen pou pitit ou a pou lekòl presegondè.
- Kòman pou aplike ak kòman yo fè òf yo.

Se sou menm bagay y ap pale nan chak sesyon yo, men **yo pral bay sèvis entèpretasyon diferan nan diferan jou yo**, konsa:

- **17 oktòb, 5pm rive 6pm** | Aktivite a ap fèt nan lang Anglè. Ap gen entèpretasyon nan lang: Bengali, Koreyen, Panyòl
- **18 oktòb, 5pm rive 6pm** | Aktivite a ap fèt nan lang Anglè. Ap gen entèpretasyon nan lang: Chinwa (Mandaren), Kreyòl Ayisyen, Oudou
- **19 oktòb, 1pm rive 2pm** | Aktivite a ap fèt nan lang Anglè. Ap gen entèpretasyon nan lang: Arab, Fransè, Ris

Kòman pou patisipe:

- Chak sesyon ap fèt andirèk (live). Vin patisipe avèk nou sou Zoom lè aktivite a ap kòmanse, lè w klike la a: <https://bit.ly/2023FallMSEvents>.
- **REMAK ENPÒTAN:** Tcheke imèl ou oswa schools.nyc.gov/Middle de jou ouvrap avan aktivite a: n ap voye yon mesaj ba ou ki gen ladan **lyen Zoom** ak **modpas** w ap bezwen pou patisipe, ansanm avèk **nimewo telefòn pou rele pou mande entèpretasyon** nan lang yo bay yo.

Ou p ap ka patisipe, oswa ou ta renmen gen plis enfòmasyon?

- Ale nan schools.nyc.gov/Middle. Yon anrejistreman ki gen soutitraj (caption) ap disponib sou sitwèb nou an de semèn apre premye aktivite a.

Bon siksè,

Ekip admisyon nan lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv